# JOQARÍ KLASLARDA QARAQALPAQ TILI STILISTIKASÍN OQÍTÍWDA INTERAKTIV TÁLIM PLATFORMALARÍNAN PAYDALANÍWDÍ JETILISTIRIW

***Jiyemuratova A.S.***
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti izleniwshisi*

**Tayanch so'zlar:** multimedia, axborot texnologiyalari, didaktika, malaka, uslub.
**Ключевые слова:** мультимедиа, информационные технологии, дидактика, навыки, стиль.
**Key words:** multimedia, information technology, didaktic, skills, style.

**РЕЗЮМЕ:**
Maqolada umumta'lim maktablarining 10-11-sinflarida qoraqalpoq tilini o'qitishda multimedia texnologiyalaridan foydalanish, til uslublarini zamonaviy dars metodlaridan foydalangan holda o'qitish, interfaol ta'lim platformalarida yaratilgan mashqlar orqali dars samaradorligini oshirish haqida ma'lumotlar bilan tanishasiz. .
**РЕЗЮМЕ:**
В статье вы ознакомитесь с информацией об использовании мультимедийных технологий в преподавании каракалпакского языка в 10-11 классах общеобразовательных школ, обучении языковым стилям с применением современных методов урока, повышении эффективности урока посредством упражнений, созданных на интерактивных образовательных платформах.
**SUMMARY:**
In the article, you will learn about the use of multimedia technologies in teaching the subject "Karakalpak Language" in the 10-11th grades of general education schools, the use of modern lesson methods, increasing the effectiveness of lessons through exercises created on interactive educational platforms.

Metodika-búgingi kúnde ilim tarawı hám tálim-tárbiya usılı bolıp qalmastan oqıwshılardıń oy-órisin rawajlandırıwshı qurallardı qollanıwǵa baylanıslı pán bolıp esaplanadı. Sol sebepli ana tilin úyreniwge fundamental tárepten de áhmiyet beriliwi kerek. Tildi úyreniw arqalı oqıwshı qorshaǵan ortalıq penen tanısadı, mádeniyatlılıqtı úyrenedi.

Ózbekstan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında» Nızamı mámleketimizde bilimlendiriw hám tálim-tárbiya jumısların alıp barıwda tiykarǵı hújjet bolıp esaplanadı. "Bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızamnıń

35-statyasında: “ulıwma bilim beriw pánleriniń oqıw baǵdarlamaları shaxstı hár tárepleme kamal tabıwǵa, tálim alıwshılarǵa bilim, qánigelik, kónlikpelerdi, dúnya qarasın jetilistiriwge hám olardıń qábiliyetin rawajlandırıwǵa qaratılǵan bolıwı kerek” ekenligi haqqında atap ótilgen. Qaraqalpaq tili pániniń tiykarǵı maqseti bilim alıwǵa, kitaplarǵa, tariyx hám jámiyetke, oqıp izleniwge qızıǵıwshılıqtı oyatıw. Sol sebepli pedagoglar barlıq waqıtta sabaqlardı mazmunlı, qızıqlı hám nátiyjeli shólkemlestire alıwı ayırıqsha áhmiyetli. Sabaq jarqın, sezimtal hám este qalatuǵın bolıwı kerek. Temanı durıs túsindiriw, hár bir oqıwshını sabaq processine belsendi bolıwǵa tarta biliw hám úyreniwge individual jantasıwdı ámelge asırıw zárúr. Sonda ǵana, oqıwshılarǵa berilgen bilim uzaq waqıt este saqlanadı hám ómiri dawamında xızmet etetuǵın bekkem fundamentke aylanadı.

XXI ásirde bilimlendiriw tarawında pedagog xızmetkerlerdiń aldına bir qansha talapalar qoyılǵan. Olar: bilim sapasın arttırıw, kompyuterlestiriw, internette paydalanıw múmkinshiligi bar bolǵan materiallardı qollanıw, elektron sabaqlıqlar jaratıw hám t.b. Informaciyalardıń hár qıylılıǵı (tekst, keste, audio, video, animaciya h.t.b) oqıwshınıń pánge bolǵan qızıǵıwshılıǵın ele de arttıradı. Maǵlıwmatlardı jetkerip beriwde multimedia qurallarınıń ornı óz aldına. Multimedia túsinigi 90-jıllarda ómirimizge kirip keldi. Kópshilik qánigeler bul termindi elege shekem analiz etpekte. Multimedia bul- informatikanıń dástúriy hám texnikalıq quralları tiykarında audio, video, tekst, grafika hám annimaciya effektleri tiykarında oqıw materialların oqıwshılarǵa jetkerip beriw usılı. Bul oqıwshılardıń házirgi zaman talabına say bilim alıwına, bilim sapasın arttırıwǵa xızmet etiwi menen áhmiyetli.

Ulıwma bilim beriw mekteplerinde qaraqalpaq tilin hám ádebiyatın oqıtıw máseleleri hám metodikası boyınsha belgili metodist alımlar E.Berdimuratov, Q.Pirniyazov, B.Qutlımuratov, Á.Nasrullaev, Q.Qojanazarov, Sh.Allaniyazova, J.Táńirbergenov, Q.Yusupov, Á.Paxratdinov hám basqalar tárepinen ilimiy izertlew jumısları alıp barılıp, nátiyjeler járiyalanǵan. Usı kóz qarastan X-XI klaslarında qaraqalpaq tilin oqıtıwda informaciyalıq texnologiyalardan paydalanıwdıń da ózine tán ózgeshelikleri bar. Informaciyalıq texnologiyalar insan iskerliginiń nátiyjesi sıpatında qaralıp, filosofiya, pedagogika, psixologiya, didaktika, kommunikaciya, menejment sıyaqlı tarawlardıń teoriyalarına súyenedi. Informaciyalıq tálim texnologiyalarınıń tiykarǵı qásiyetlerine tómendegiler kiredi:

-diagnostika tiykarında oqıtıwdıń maqsetlerin anıqlaw;

- mazmundı tańlaw hám sistemalastırıw;

- bilimlerdi bahalaw arqalı qayta baylanıstı ámelge asırıw imkaniyatı;

-sonday-aq juwmaqlawshı nátiyjeler.

Zamanagóy jámiyette tálim hám texnologiya rawajlanǵan sayın bilimlendiriw mákemelerinde jumıs alıp barıp atırǵan qánigelerden ilim-pán jańalıqlarınan turaqlı xabardar bolıw talap etilmekte.

Mekteplerde qaraqalpaq tilin hám hár tárepleme úyretiw-oqıwshılardıń bilimdi tereń iyelep alıwın támiyinleydi, oqıwshılardıń logikalıq oylawın rawajlandıradı, miynetke bolǵan súyiwshiligin arttıradı, jámiyetlik turmısqa materialistlik kózqarasın qáliplestiredi [B.Qutlımuratov:3].

Ilimpaz Á.Paxratdinov ana tilin oqıtıwda bir neshe prinsiplerge toqtalıp ótedi: ilimiylik hám oqıtıwdıń izbe-izligi sistemalılıq principi, teoriyanıń praktika menen baylanıslılıq principi, tildiń bólimleriniń bir-biri menen baylanıslılıq principi, aktivlilik principi, kórsetpelilik, túsiniklilik, oqıwshılarǵa jeke qatnas jasaw principleri [Á.Paxratdinov: 29]

XX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap, dúnya júzinde informaciyalıq texnologiyalar tek ǵana jumıs islewshi kárxanalarda esap-kitap jumsıların orınlaw ushın ǵana emes, al shaxstı tárbiyalawshı hám tásir etiwshi texnologiya sıpatında da qollanıla basladı.

Ótken jıllar dawamında mámleketimizde jámiyettiń hár bir tarawın informaciyalastırıw boyınsha qatar is-ilajlar ámelge asırıldı. Elektron sabaqlıqlar, simulyaciyalar, programmalar jaratıldı. Házirgi kúnde ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde ana tili pánin oqıtıwdıń mazmun-mánisi degende: oqıwshılarǵa beriletuǵın tálim-tárbiyanıń maqset hám wazıypaları menen anıqlanatuǵın bilimler, materiallar, shınıǵıwlar hám kónlikpe payda etiw qásiyeti hám maǵlıwmatlar kólemi túsiniledi. X-XI-klasta qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw ushın jámi 3 saat waqıt ajıratılǵan. Pándi oqıtıwda jaratılǵan sharayat, oqıtıw bólmesi, sabaq ushın tańlanǵan metod, usıl, shınıǵıw, oqıwshı hám muǵallim arasındaǵı kommunikaciyalıq baylanıs, oqıwshınıń psixologiyalıq jaǵdayı áhmiyetli. Optimallastırıw oqıwshılarda hár qıylı boladı. Sebebi, hár bir oqıwshı ózgeshe bir individ.

X-XI klasta qaraqalpaq tili pánin oqıtıwda tiykarǵı dıqqat oqıwshılarǵa tekstti stllik jaqtan talqılaw, til stillerin parıqlay alıwǵa qaratılǵan. Stilistika grek tiliniń sózi bolıp «Stilos» taxtaǵa jazıw ushın ushı súyir etip shıǵarılǵan «Tayaqsha» degen mánini ańlatqan. Filologiya iliminde stilistika eki mánide túsiniledi. 1) Til hám sóylew stilistikası. 2) Kórkem ádebiyat stilistikası «Stil» sóziniń mánisi keń. Ol til biliminde, ádebiyattanıwda, ónertanıwda, arxitekturada hár qıylı mánilerde qollanıladı. E.Berdimuratov: «Stil bul, haqıyqatında da, tildiń tariyxıy rawajlanıwınıń barısında turmıs tarawlarına, til arqalı qatnastıń túrli formalarına, konkret situaciyaǵa baylanıslı leksika-semantikalıq, grammatikalıq

hám t.b. boyınsha sol tarawǵa funkcionallıq beyimliligi menen qáliplesken til quralların sisteması sıpatında kórinedi» degen pikirdi bildirgen.

Til stillerin bir-birinen ajıratıw ushın aldı menen ámeliy tapsırmalardı orınlaw áhmiyetli. Stilistikanı oqıtıwda ámeliyatqa baǵdarlanǵan oqıtıw usılınan paydalanıladı. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde stilistikanı oqıtıw metodikasınıń ilimiy tiykarların islep shıǵıw izertlew dawamında lingvistikalıq túsiniklerge anıqlıq kiritiw hám usı tiykarda stilistikanıń predmetin, onıń tiykarǵı túsinikleri hám qaǵıydaların belgilewge jańadan jantasıw zárúrligi payda boldı.

Metodologiya páninde qaraqalpaq tili stilistikasın oqıtıw boyınsha jeterli maǵlıwmat berilmegen. Hár bir stildiń ózgesheligi hám uqsaslıq táreplerin ashıp beriw, olardı oqıwshılarǵa jetkeriw sheberligi hám kónlikpesin iyelew zárúrligi payda bolmaqta. Stilistikalıq qátelerdi anıqlaw ólshemlerin islep shıǵıw hám olardı zamanagóy metodlar tiykarında qollanıw hám jetilistiriw dáwir talabı. Stilistikanıń tiykarǵı qaǵıydaların úyretiw ushın tekstkerden paydalanıladı. Oqıwshılardıń sóylew mádeniyatı hám stilistikanı durıs iyelew kónlikpelerin payda etiw ushın olarǵa orfografiyalıq, leksikologiyalıq hám morfologiyalıq qaǵıydalardı tolıq ózlestiriwine erisiw lazım. Degen menen, 10-11-klass Ana tili sabaqlıǵında qaraqalpaq tilindegi stillerdi túrlerge ajıratıwda ózgeshelikler bar. Bul oqıwshılarda túsinbewshilikti keltirip shıǵaradı.

Ádebiy tildiń awızeki hám jazba stilleri bar. Házirgi ádebiy tilimizde jazba stil is qaǵazları stili, publicistikalıq stil, ilimiy stil hám kórkem ádebiyat stili sıyaqlı túrlerge bólinedi. Hátte, usı kórsetilgen stillerdiń de óz ishinde birneshe stillik ózgeshelikleri boladı. Máselen, kórkem ádebiyat stiliniń ózi poeziyalıq stil, prozalıq stil, satiralıq stil, tımsallar stili sıyaqlı ózgesheliklerge iye boladı. 10-klass Ana tili sabaqlıǵında til stilleri joqarıdaǵıday formada túrlerge ajıratılǵan. 11-klass Qaraqalpaq tili sabaqlıǵında til stilleri tómendegi túrlerge bólingen: 1) Sóylesiw stili (tildiń baylanıstırıw xızmeti); 2) Ilimiy stil; 3) Rásmiy is qaǵazları stili (tildiń xabar, informaciya beriw xızmeti); 4) Publicistikalıq stil; 5) Kórkem ádebiyat stili (tildiń tásir etiw, úgit-násiyat xızmeti).

Sóylew mádeniyatın iyelewdiń usıllarınan biri oqıwshılardıń orfografiyalıq qaǵıydalarǵa ámel qılıwı menen belgilenedi. Lingvistikalıq normalardı durıs hám maqsetke muwapıq tańlaw, olardı stilistikalıq ólshemler tiykarında erkin paydalana alıw qábiletine de baylanıslı. Solay etip, qaraqalpaq tilin mekteplerde oqıtıwda stilistikanıń ornı stilistikalıq bilimlerdi ózlestiriw hám stilistikalıq kónlikpelerdi jetilistiriw arqalı oqıwshılardıń sóylew mádeniyatın arttırıwdaǵı áhmiyeti menen belgilenedi. Stilistikanıń tiykarǵı túsiniklerin úyreniw qaǵıyda tárizinde hár qıylı stiller hám janrlardaǵı tekstler boyınsha ámelge asırıladı.

Úyrenilgen bilimniń dárejesi oqıwshılardıń kognitiv qábiletleri, úyrenilgen bilimlerdi turmısta qollanıwı menen xarakterlenedi. Qaraqalpaq tilin oqıtıw barısında zamanagóy texnologiyalardı qollanıw arqalı stilistikanı oqıtıw usıllarınıń teoriyalıq hám ámeliy tiykarların islep shıǵıw tiykarǵı wazıypalardan biri.

**Rásmiy is qaǵazları stilin oqıtıw.** Rásmiy isler stili mektep sabaqlıǵında «is qaǵazlarınıń stili» degen tema menen oqıtıladı. Is qaǵazlarına mámleketlik joqarı organlarda hám adamlar arasında óz-ara qatnas, is-júrgiziw quralı bolǵan jazba hújjetler, qatnas qaǵazları bolǵan nızam, párman, shártnama, málimleme, shaqırıqlar, buyrıq hám xabarlar, kelisim, ómirbayan, minezleme, arza, maǵlıwmatnama, akt, isenim xat, shaqırıw xat, daǵaza, telegramma, jollama, gúwalıq t.b. túrleri qatnas qaǵazı retinde qollanıladı. Is qaǵazların oqıtıwda interaktiv tálim platformalarınıń múmkinshiliklerinen paydalanıw jańa pedagogikalıq texnolgiyalardı sabaq processine engiziwge tiykar boladı.

**a) PowerPoint.** Bul qosımshada hár qıylı tekstler, diagrammalar, smart figuralar jaratı múmkinshiligi jaratılǵan. is qaǵazların túrlerge ajıratıwda bul qosımshadan paydalanıw sabaqtıń kórgizbeliligin arttıradı.




**b) LearningApps.org platforması.** Informaciyalıq texnologiyalardıń rawajlanıwı bilimlendiriw mákemelerinen metod hám resurslardı ele de jetilistirip barıwdı talap etpekte. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıwshılardıń sabaqta belsendiligin arttırıw, onlayn tapsırmalar beriw boyınsha zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw sabaqqa jańasha jantasıwdıń kórinisi sıpatında júzege shıqpaqta. Oyınǵa tiykarlanǵan oqıtıw platformaları, multimedialıq qurallar arqalı sabaqqa oyın elementlerin kirgiziw oqıwshılar belsendiligin hám bilim beriwdiń sapasın arttırıw ushın móljellengen texnologiyalar bolıp, oqıwshılarda tez qarar qabıl etiw, strategiyalıq pikirlew, mashqalalardı sheshiw hám basqa da kompetensiyalardı jetilistirip barıwda ámeliy járdem beredi.

Multimedialıq texnologiyalar bir waqıttıń ózinde maǵlıwmattı usınıwdıń bir neshe jolların paydalanıwǵa imkan beredi. Búgingi kúnde paydalanıwshılar ushın eń qolay platforma LearningApps.org platforması. Bul servistiń rásmiy ataması: LearningApps, tili: rus, siltemesi: http://learningapps.org/ LearningApps. org izertlew joybarı retinde PH Bern oqıtıwshılar kolledji oqıw informatika orayı tárepinen Mayns universiteti hám Zittau/Gorlitz universiteti menen sheriklikte islep shıǵılǵan.

LearningApps. org - bul interaktiv modullar arqalı úyreniw hám oqıtıwdı qollap-quwatlaw ushın Web 2.0 qosımshası. Ámeldegi modullar tuwrıdan-tuwrı oqıw mazmunına kiritiliwi hám olardı qısqa waqıt ishinde ózgertiw yamasa jaratıw múmkin. Platformanıń maqseti, interaktiv bloklardı toplaw hám olardı hámme ushın ashıq qılıp qoyıw. Bunday bloklar (qosımshalar yamasa shınıǵıwlar dep atalatuǵın) usınıń sebepinen qandayda bir programma yamasa arnawlı bir baǵdarlamalarǵa kiritilmegen. Olardıń ayrıqsha mánisi bar, yaǵnıy interaktivlik. Óz wazıypalarıńızdı jaratıw hám saqlaw ushın siz dizimnen ótiwińiz kerek. Wazıypa jaratqanıńızdan keyin onı tezlik penen járiyalawıńız yamasa jeke paydalanıw ushın saqlawıńız múmkin. Tayın resurslarǵa kiriw dizimnen ótpegen paydalanıwshılar ushın da ashıq. Siz tapsırmanıń tómengi bólegindegi siltemeni nusqalaw arqalı basqalar tárepinen jaratılǵan tapsırmalardan da paydalanıwıńız múmkin ("snap" - tapsırmanı jeke sayt betińizdiń joqarı bólegindegi kishilew ramkada kórsetiwdi ańlatadı). Sonıń menen birge, siz hár qanday wazıypanı fayllar arxivi retinde júklep alıwıńız múmkin. Sayt kóp tilli, tillerdi joqarı oń múyeshtegi bayraqlar járdeminde almastırıw múmkin. LearningApps. org xızmeti anıq navigatsiyaǵa iye, jáne onı túsiniw qıyın bolmaydı. Nátiyjeni learningapps. org veb-saytında usınıs etilgen tapsırmalar mısalları arqalı bahalaw múmkin.

c) Flippity.net saytında interaktiv shınıǵıwlardı jaratıw ushın hár qıylı shınıǵıw úlgileri berilgen. Bul veb sayttı jaratıw ushın AQShlı informatika páni oqıtıwshısı Stiv Fortna 8 jıl izlenisler alıp barǵan. Bárshe tapsırmalar Google kestesi tiykarında jaratılǵan. Sol sebepli siz aldı menen Googledan dizimnen ótiwińiz kerek. Saytta berilgen shınıǵıw úlgileri arqalı túrli kesteler, viktorinalar, basqatırmalar jaratıw múmkinshiligi oǵada joqarı.

Jańa pedagogikalıq texnologiyalardıń hár qıylı usılların paydalanıw mektep oqıwshılarınıń sabaqtı úyreniwge bolǵan qızıǵıwshılıǵınıń artıwına alıp keledi. Kahoot.com, LearningApps.org, Flippity.net sıyaqlı interaktiv platformalarda jaratılǵan didaktikalıq oyın shınıǵıwları arqalı oqıwshılardıń óz betinshe oylaw qábiletleri rawajlanıp baradı, olardıń erkin pikirlew, kritikalıq pikirlew qábiletleri rawajlanadı. Bunnan tısqar,ı temanı ótkende tek sabaqlıq penen

sheklenip qoymastan oqıtıwshınıń jańa usıllardı óz betinshe qollanıwına jol ashadı.

Juwmaqlap aytqanda, sabaqtıń sapası, nátiyjeliligi oqıtıwshı tárepinen kórilgen puqta tayarlıqqa baylanıslı. Bunda sabaq islenbesiniń házirgi zaman aldıńǵı texnologiyalarǵa muwapıq jobalastırılıwı ayrıqsha áhmiyetke iye. Bilimlendiriw tarawında pedagogikalıq hám informaciyalıq-kommunikaciya texnologiyalarınan, internet hám informaciyalıq tálim resurslarınan paydalanıw sabaqtı joqarı dárejede shólkemlestiriwge járdem beredi. Bul tálim platformaları qaraqalpaq tilinde jaratılmaǵan. Soǵan qaramastan, hár bir oqıtıwshı óz pánine sáykeslestirip paydalana alıw múmkinshiligi jaratılǵan. Bilim beriw qaysı jol menen ámelge asırılıwına qaramastan, kópshilikke xızmet etse paydalı esaplanadı.

**Ádebiyatlar:**


1. Ўзбекистон Республикасининг «Таълим тўғрисида» Қонуни. –Тошкент, 2020 йил, 23-сентябрь, ЎРҚ-637.
2. Abdinazimov Sh., Ismaylova Z., Kazimbetova Z. 10-klass Ana tili.-Tashkent, 2022-jıl 244 b
3. Бердимуратов Е., Пирниязов К. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. – 286 б.
4. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. –Нөкис: Билим, 1992 -266
5. Петухова, Е.И. Роль информационных технологий в повышении качества профессионального образования // Успехи современного естествознания. – 2013. – № 10. – С. 82-83 [Электронный ресурс]. URL:
6. Захарова И.Г. Информационные Технологии в образовании Москва Академия. 2013 -208 с.